



8 septanm 2011

Chè Paran/Gadyen

Kòm konsekans lwa federal *No Child Left Behind*, pitit ou a ka elijib pou èd **aprelekòl** nan domèn matematik, lekti ak Konpozisyon anglè *English Language Arts(ELA)* Pitit ou a elijib pou resevwa leson patikilye sa a ke yo rele Sèvis edikasyon Siplemanchè *Supplemental Educational Services (SES)* gratis, si li nan yon lekòl Tit I ki “bezwen amelyorasyon,” ak si li elijib pou manje midi gratis oswa a pri redui.

Gen plis pase 70 òganizasyon SES eta a apwouve ki gen kontra ak DOE pou ofri pwogram aprelekòl ak nan wikenn gratis nan lekòl, nan sant kominotè, nan lokal ki nan vwazinaj la ak lakay epi tou sou entènèt.

Gid paran sa a eksplike kòman SES fonksyone ak sa oumenm kòm paran oswa gadyen ta dwe fè pou jwenn sèvis gratis sa yo. Gid la gen ladan yon anyè ak non founisè SES eta apwouve, yon fòm enskripsyon pou SES, yon kalandriye ki gen dat enpòtan yo ak eksplikasyon sou chwa yon founisè ak sou jan pou ranpli fòm enskripsyon an. Anplis, lekòl pitit ou a gen enfòmasyon sou founisè k ap bay sèvis nan bilding lekòl. Wi, ou ka chwazi tou yon pwogram ki fèt yon lòt kote ki **pa yon lekòl**. Sèlman sonje pitit ou a ka enskri nan yon sèl pwogram SES pou yon ane lekòl.

Lè w fin deside sou ki pwogram leson patikilye ki pi bon pou pitit ou a, tanpri konsidere bezwen aprantisaj pitit ou a. Li ta bon pou kontakte pwofesè pitit ou a oswa lekòl la pou ede w fè chwa a.

Finalman, lekòl ou a ka fè yon fwa sou founisè pou w ka pale dirèkteman ak founisè yo pou w ka deside ki pwogram ki pi bon pou pitit ou a. Tanpri ale sou sit wèb *No Child Left Behind/SES* la nan <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/NCLB/SES/default.htm> oswa kontakte lekòl pitit ou a si w gen nenpòt kesyon sou sèvis leson patikilye sa yo.

Avèk senserite,

Dennis M. Walcott
Chanselye